

BAB II

ADEGAN KALIMAH KEDALING AMBEK

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN GUNEMAN

Ieu bab medar perkara (1) adegan kalimah, (2) émosi, (3) kedaling ambek, jeung (4) bahan pangajaran guneman kalimah kedaling ambek. Adegan kalimah (2.1) ngawengku (1) wangenan kalimah, (2) unsur-unsur kalimah, (3) papasingan kalimah, jeung (4) kalimah sampurna jeung teu sampurna. Émosi (2.2) ngawengku (1) wangenan émosi, (2) wanda émosi, (3) ambek. Kedaling ambek (2.3) ngawengku (1) wangenan kedaling ambek jeung (2) pilihan kecap kedaling ambek. Bahan pangajaran guneman kalimah kedaling ambek (2.4) ngawengku (1) pangajaran basa Sunda, (2) bahan ajar basa Sunda, (3) silabus, (4) évaluasi, jeung (5) rarancang pangajaran.

2.1 Kalimah

2.1.1 Wangenan Kalimah

Umumna anu disebut kalimah téh nyaéta wangun-wangun basa anu miboga ciri-ciri ieu di handap.

- a. Mangrupa kontruksi gramatik, nyaéta wangun basa anu ngandung harti atawa maksud.
- b. Mangrupa wangun basa anu maksimum, nyaéta wangunan basa pikeun ngébréhkeun harti anu dipimaksud ku éta wangun, henteu perlu ditambahan atawa dilegaan deui.

- c. Boga lentong pamungkas turun atawa naék, anu nétélakeun yén éta kontruksi gramatik téh enggeus réngsé.
- d. Relatif bisa madeg mandiri, bisa diisolasikeun atawa dipisahkeun kalawan hartina henteu leungit atawa henteu robah.
- e. Mangrupa bagian pangleutikna tina hiji omongan atawa wacana, anu diwatesan ku randegan panjang, anu ngandung pikiran anu gembleng atawa lengkep nurutkeun katatabasaan.

Tina sababaraha ciri-ciri kalimah anu ditétélakeun di luhur, ngamunculkeun sababaraha pamadegan ti para ahli basa. Ramlan (1987: 27) nétélakeun yén kalimah téh nyaéta wangun gramatik anu diwatesanan ku randegan panjang dibarung ku lentong pamungkas turun atawa naék. Sudaryat (1997: 85), nétélakeun yén kalimah téh nyaéta wangun katatabasaan miwujud kecap atawa runtuyan kecap anu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembleng, diwatesanan ku randegan panjang nu dibarung ku wirahma ahir turun atawa naék. Sedengkeun Alwi (1998: 311) nétélakeun yén kalimah téh mangrupa beungkeutan basa pangleutikna dina wujud lisan atawa tulisan anu ngébréhkeun pikiran kalayan gembleng.

Tina sababaraha wangenan di luhur bisa dicindekkeun yén anu disebut kalimah téh nyaéta kontruksi gramatik maksimal, anu mangrupa bagian pangleutikna, ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, diwatesan ku randegan panjang tur boga lentong pamungkas turun atawa naék, anu relatif bisa madeg mandiri, miwujud dina wangun lisan jeung tulisan.

2.1.2 Unsur-unsur Kalimah

2.1.2.1 Kecap

Kecap mangrupa bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngandung harti anu tangtu. Dumasar kana éta wangenan bisa disebutkeun tilu ciri kecap dina basa Sunda.

- a. Kecap mangrupa bagian kalimah anu pangleutikna.
- b. Kecap mibanda sipat bébas dina leunjeuran kalimah, nyaéta bisa madeg mandiri dina kalimah, bisa dipisahkeun cicingna, jeung bisa dipatukeurkeun.
- c. Kecap miboga harti anu tangtu, boh harti léksikal boh gramatikal. Contona baé, unsur *manéh, wani, ka, jeung kuring* dina kalimah:

(01) Manéh wani ka kuring?

Masing-masing bisa disebut kecap lantaran mangrupa bagian pangleutikna dina éta kalimah.

Minangka bagian kalimah pangleutikna nu sifatna bébas, kecap bisa madeg mandiri lantaran bisa dikedalkeun sorangan tanpa dibarengan unsur lain. Kecap ogé bisa dipisahkeun cicingna atawa bisa disela ku unsur lain. Upama baé, antara kecap *Pa Uju* jeung *nyarékan* bisa disela ku kecap *enggeus* saperti ébréh dina kalimah-kalimah di handap.

(02) Pa Uju (geus) nyarékan udin kamari di imahna.

Jaba ti éta kecap ogé bisa dipatukeurkeun tempatna dina leunjeuran kalimah. Contona, kecap *kamari* dina kalimah di handap.

(03) a. Pa Uju nyarékan Udin *kamari* di imahna.

b. Pa Uju *kamari* nyarékan Udin di imahna.

c. *Kamari* Pa Uju nyarékan Udin di imahna.

Tina conto (03) kalimah a-c geus jelas yén kecap téh cicingna bisa dipatukeurkeun, tangtu baé dumasar kana kaédah nu tangtu. Upamana baé, antara caritaan *nyarékan* jeung udagan *Udin* teu bisa diseselan ku kecap lain. Ku kituna, kalimah (02) cicingna bisa dipatukeurkeun, henteu saperti kalimah (04) ieu di handap anu teu bisa ditarima nurutkeun kaédah tata basa (*ungrammatical*).

(04) Pa Uju nyarékan kamari Udin di imahna.

Kecap-kecap anu aya dina leunjeuran kalimah miboga harti nu tangtu, boh harti léksikal boh harti gramatikal. Harti léksikal nyaéta harti nu langsung nuduhkeun konsép nu tangtu tina hiji obyék, ilaharna sok didaptar dina kamus. Ari harti gramatikal nyaéta harti anu muncul balukar tepungna unsur-unsur katatabasaan. Kecap *Pa Uju*, *nyarékan*, *Udin*, *kamari*, jeung *imah* masing-masing boga harti léksikal. Sabalikna, kecap *di* teu boga harti léksikal, tapi harti gramatikal, sabada tepung jeung kecap *imahna*.

2.1.2.2 Frasa

Frasa mangrupa wangun katatabasaan anu jadi pangdeudeul kalimah, henteu prédikatif, diwangun ku sakurang-kurangna dua kecap, turta nyicingan salasahiji fungsi, boh jejer, caritaan, udagan, panglengkep, atawa katerangan dina klausa (Sudaryat, 1991: 74).

(5) Duit kuring geus béak deui waé.

Dina kalimah di luhur, *duit kuring* jeung *geus béak deui* disebutna frasa, sabab sok sanajan diwangun ku genep kecap, tapi nyicingan hiji fungsi dina

kalimah, nyaéta frasa *duit kuring* nyicingan fungsi jejer, sedengkeun *geus béak deui waé* nyicingan fungsi caritaan.

2.1.2.3 Klausa

Klausa nyaéta wangun katatabasaan nu sifatna predikatif, hartina diwangun ku jejer jeung caritaan boh binarung objek, panglengkep, katerangan, boh henteu. (Sudaryat, 1991: 77)

Kalimah jeung klausa raket pisan patalina, sabab klausa téh mangrupa bagean tina kalimah. Ieu bisa katitén tina ciri-ciri klausa sakumaha anu ditétélakeun ku Prawirasumantri (2000: 98), nu ngawengku:

- 1) mangrupa wangun gramatik nu ngeusian leunjeuran kalimah, klausa salawasna aya dina kalimah;
- 2) sifat predikatif, hartina miboga jejer jeung caritaan;
- 3) bisa ditambahan ku unsur udagan, panglengkep, katerangan; jeung
- 4) unsur inti anu mangrupa jejer bisa dileungitkeun tina wangun kalawan henteu ngarobah harti klausa.

Dumasar tipe atawa kalungguhan dina kalimah, klausa bisa dipasing-pasing jadi dua, nyaéta klausa bébas jeung klausa kauger (Sudaryat, 1991: 83). Klausa bébas mangrupa klausa anu bisa mandeg mandiri jadi kalimah sampurna. Sedengkeun klausa kauger mangrupa klausa nu téu bisa mandeg mandiri.

Contona:

(06) Basa kuring keur di pasar, manéhna keur ceurik ngabangingik.

Kalimah di luhur diwangun ku dua klausa, klausa kahiji *basa kuring keur di pasar* jeung klausa kadua *manéhna ceurik ngabangingik*. Klausa kahiji mangrupa klausa kauger sabab teu madeg mandiri dina kalimah. Ari klausa nu kadua mah mangrupa klausa teu kauger.

2.1.3 Unsur Fungsional Klausa (Kalimah)

Nu dimaksud unsur fungsional klausa téh nyaéta unsur-unsur nu nyicingan atawa manéén fungsi-fungsi gramatik dina klausa (Prawirasumantri, 2000: 99). Éta unsur téh ngawengku jejer, caritaan, panglengkep, jeung katerangan. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap ditataan hiji-hiji.

1) Jejer

Jejer nyaéta unsur klausa nu nuduhkeun naon-naon nu dicaritakeun, poko nu dicaritakeun, umumna mangrupa kecap atawa frasa barang (Sudaryat, 1991: 78). Jejer umumna ngandung klitik *-na* kecap panangtu *éta*, sarta kecap panganteb *téa*, *mah*, *téh* jeung *ogé*. Tempat jejer umumna dina awal klausa atawa hareupeun caritaan. Contona:

(07) *Manéh téh tong kalah ulin waé!*

(08) *Urang mah teu sudi nyarita jeung manéhna.*

(09) *Budakna ogé aya kana salapan.*

2) Caritaan

Caritaan nyaéta unsur klausa nu nuduhkeun naon-naon nu dicaritakeun ngeunaan jejer (Sudaryat, 1991: 78). Caritaan biasana mangrupa kecap atawa frasa barang. Tapi mindeng ogé mangrupa kecap atawa frasa pagawéan, kaayaan,

bilangan, barang, atawa anu dianggap barang, jeung frasa pangantét (Prawirasumantri, 2000: 99). Contona:

(10) Azis *bawa* buku téh.

(11) Bapana téh *guru sejarah*.

3) Udagan

Udagan mangrupa unsur klausa nu langsung nuturkeun caritaan nu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan transitif (Sudaryat, 1991: 78). Dina klausa atawa kalimah pasif, udagan bisa jadi jejer. Contona:

(12) a. Féisal kerjakeun tugasna. → Tugasna dikerjakeun ku Féisal.

J C U J C U

Kalimah (12) a mangrupa kalimah aktif, sedengkeun kalimah (12) b mangrupa kalimah pasif.

4) Panglengkep

Sudaryat (1991: 78-79), nétélakeun yén panglengkep nyaéta unsur klausa, ngalengkepan caritaan nu mangrupa kecap pagawéan semitransitif jeung dwitransitif. Panglengkep miboga sawatara ciri.

- Bisa kagolong kana kecap atawa frasa barang, pagawéan, sifat, bilangan jeung frasa pangantét.
- Aya tukangeun kecap pagawéan semitransitif nyaéta kecap pagawéan anu téu bisa dipisahkeun, ku kituna panglengkep téu bisa robah jadi jejer.

Contona:

(13) Manéh boga *kongkorong* ti mana?

Éta kalimah teu bisa dirubah jadi *kongkorong diboga ku manéh*.

- c. Aya tukangeun kecap pagawéan dwitransitif kalawan langsung, sok sanajan klausana dirobah jadi pasif. Contona:

- (14) a. Éma teu mangmeulikeun sapatu keur ujang. (aktif)
 b. Ujang teu dipangmeulikeun sapatu ku Éma. (pasif)

5) Katerangan

Katerangan nyaéta unsur klausa nu ngajéntrékeun caritaan, nu méré informasi tambahan ngeunaan naon-naon nu dituduhkeun ku caritaan saperti ngeunaan waktuna, tempatna, carana, jeung sapaadana (Prawirasumantri, 2000: 101). Contona:

- (15) Manéh kudu datang isuk *ka imah urang*.

2.1.4 Papasingan Kalimah

Kalimah bisa dipasing-pasing dumasar sababaraha kritéria. Sudaryat (1991: 96-99), nétélakeun yén kalimah bisa dipasing-pasing dumasar kana hal-hal ieu di handap.

1) Aya euweuhna klausa pangwangunna

Dumasar kana aya eweuhna klausa pangwangunna, kalimah dibagi jadi dua rupa, nyaéta kalimah klausa jeung kalimah tan klausa.

2) Jumlah klausa pangwangunna

Dumasar ana lengkep henteuna unsur dasar. Kalimah dasar nyaéta kalimah anu diwangun ku unsur jejer jeung caritan. Kalimah dasar mangrupa dasar pikeun ngawangun kalimah rékaan.

3) Lengkep henteu unsur dasar

Dumasar kana jumlah klausa pangwangunna, kalimah dibagi jadi kalimah salancar (tunggal) jeung kalimah ngantét. Kalimah salancar tunggal dibagi jadi kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Kalimah ngantét dibagi jadi kalimah ngantét satata (sadarajat) jeung kalimah ngantét sélér-sumélér.

4) Lengkep henteuna klausa

Dumasar kana lengkep henteuna klausa, kalimah dibagi jadi dua rupa nyaéta kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna. Pedaran kalimah dumasar kana lengkep henteuna klausa dipidangkeun sacara husus ieu di handap.

2.1.5 Kalimah Sampurna jeung teu Sampurna

2.1.5.1 kalimah Sampurna

Kalimah sampurna nyaéta kalimah anu sakurang-kurangna diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan. Hartina meunang maké objék, panglengkep, atawa dibarung ku katerangan. Conto:

(16) Aing mah teu hayang dahar.

(17) Imah téh pabalatak pisan.

Conto kalimah di luhur mibanda hiji jejer jeung jeung hiji caritaan. Ku kituna, éta kalimah bisa disebut kalimah sampurna.

Kalimah sampurna aya dua rupa. Ieu di handap ditétélakeun hiji-hiji.

- 1) Kalimah sampurna susunan baku (normal) nyaéta kalimah sampurna anu jejerna miheulaan caritaan (J-C). Contona:

(18) Imas cokot baju dina lomari!

(19) Réza tong liwar!

- 2) Kalimah sampurna susunann balik (invénsi) nyaéta kalimah sampurna anu jejerne tukangeun caritaan (C-J). Contona:

(20) Datang geuning sia téh.

(21) Bawa budak téh!

2.1.5.2 Kalimah teu Sampurna

Kalimah teu sampurna atawa disebut ogé kalimah minor nyaéta kalimah anu diwangun ku kecap, frasa, atawa klausa kauger. Saenyana mah, teu mibanda sarat pikeun disebut kalimah téh. Bisa sotéh disebut kalimah, lantaran ata bagian-bagian anu dianggap dileungitkeun. Éta hal raket patalina jeung kalimah saméméhna. Nu matak, kalimah teu sampurna sok disebut ogé kalimah penggelan. Sanajan kalimahna teu lengkep, tapi nu diajak nyarita ngarti kana maksud anu diucapkeun ku nu nyarita, lantaran duanana aya dina situasi basa anu sarua. Conto kalimah teu sampurna:

(22) Teu sudi.

(23) Moal datang.

(24) Naon?

Kalimah teu sampurna bisa dibagi jadi sababaraha rupa, di antarana waé dumasar kana ieu hal di handap.

- 1) Tanggapan kana kalimah saméméhna

Contona:

(25) Geuleuh atuh da.

Bisa jadi mangrupa jawaban tina pananya: “Ku naon ari manéh bét pundung?”

(26) ulin.

Bisa jadi mangrupa jawaban tina pananya: “Geus ti mana Asih?”

2) Tambahan atawa susulan tina kalimah saméméhna

Contona:

(27) Geus dua bulan.

Bisa jadi mangrupa susulan tina kalimah: “Geus lila manéhna teu datang ka dieu.”

(28) Icih.

Bisa jadi mangrupa susulan tina kalimah: “Kabéh gé nyarahoeun kana ngaran manéhna mah.”

3) Kecap panyéluk atawa bituna rasa

(29) anjiir!

Mangrupa kecap bituna rasa.

(30) Sarbéd!

Maksudna ngageroan jalma (Ubéd).

4) Kapanggih dina judul buku, salam, semboyan

Contona:

(31) Wilujeng énjing (salam)

(32) Ciamis manis (semboyan)

(33) Puputon (Judul buku)

2.2 Émosi

2.2.1 Wangenan Émosi

Dina kahirupan sapopoé urang mindeng pisan ngadéngé kecap émosi. Ieu kecap, mindeng pisan dipaké pikeun nuduhkeun rasa ambek. Conto dina kalimah: (34) “Ni, tong waka émosi atuh!” ceuk Roni ka Rani waktu manéhna diheureuyan. Dina éta kalimah, katingali pisan yén anu dimaksud émosi téh nyaéta ambek. Padahal, sabenerna mah anu dimaksud émosi téh lain ngan saukur nuduhkeun ambek hungkul tapi réa pisan rupa-rupa hal anu bisa dituduhkeun ku ieu kecap, di antarana waé kabungah, kasedih, kasieun, kareuwas, kageuleuh, jeung sajabana.

Kecap émosi mangrupa kecap serepan tina basa Inggris nyaéta *emotion*; kecap turunan tina basa Prancis *émouvoir* nu hartina kabungahan. Dina kamus, kecap *emotion* dipaké pikeun ngagambarkeun rasa anu kuat kana hiji hal, boh rasa bungah atawa rasa anu nyababkeun nyeri haté. Sangkan leuwih jelas, naon anu dimaksud émosi, ieu di handap aya sababaraha wangenan émosi.

1. William James (psikolog jeung filsuf Amerika), nétélakeun yén émosi téh nyaéta kaayaan jiwa anu ditembongkeun dina diri, ditandaan ku ayana parobahan awak.
2. Daniel Goleman dina bukuna *Emotional Intelligence*, nétélakeun yén émosi leuwih museur kana rasa jeung pikiran-pikiran anu has, kana kaayaan biologis jeung psikologis, sarta kana runtuyan paripolah.
3. Prezz (1999), saurang *EQ Organizational Consultant* jeung dosén senior di Potchefstroom University, Afrika Selatan, nétélakeun yén émosi téh

mangrupa réaksi awak dina nyanghareupan hiji kaayaan. Sipat jeung *intensitas* émosi raket patalina jeung daya piikir (kognitif) manusa kana kaayan anu disanghareupanna.

4. Darwin ngahartikeun émosi salaku cara anu dilakukeun ku hiji individu pikeun *adaptasi* jeung meratahkeun hirup.
5. *Oxford Advanced Learners' Dictionary* (1995), nétélakeun yén émosi salaku rasa anu kuat jeung loba ragamna (kanyaah, kabungah, kuciwa, ngéwa, kageuleuh, kakeuheul, jeung sajabana).
6. *The Oxford Dictionary of Current English* (1986), nétélakeun yén émosi téh mangrupa rasa anu kuat, asalna tina jiwa, utamana tina aspék mental atawa naluri, saperti rasa nyaah atawa sieun.

Ku kituna, nu dimaksud émosi téh nyaéta salasahiji ciri jiwa manusa anu nembongkeun rasa-rasa anu kuat, nu asalna tina kaayaan psikologi (mental) lumaku sacara naluriah gumantung kana situasi atawa kaayaan nu keur lumangsung.

2.2.2 Wanda Émosi

Émosi dina enas-enasna mangrupa gambaran rasa manusa waktu nyanghareupan ragam situasi atawa kaayaan. Dina nyanghareupan situasi anu ragem, tangtuna émosi anu muncul ogé rupa-rupa. Dumasar kana kelompokna, Jean Piaget dina bukuna *Teori Perkembangan Kognisi* ngabagi émosi jadi dua bagian, nyaéta émosi *sénoris* jeung émosi *psikis* (kajiwaan).

- a. Émosi *Sensoris*, nyaéta émosi anu disababkeun ku ayana rangsangan ti luar kana awak, contona rasa tiris, amis, nalangsa, capé, wareg, jeung lapar.
- b. Émosi *Psikis*, nyaéta émosi anu miboga alesan-alesan kajiwaan. Anu kaasup kana ieu jenis émosi di antarana ditétélakeun di handap.
 - 1) Parasaan *intelektual*, nyaéta parasaan anu patali jeung rohang lingkup bebeneran. Parasaan ieu diwujudkeun dina wangun kayakinan, kagumbiraan, kapuasan kana pasualan-pasualan ilmiah.
 - 2) Parasaan sosial, nyaéta parasaan anu patali jeung hubungan hiji jalma jeung jalma séjén, boh nu sipatna individual atawa kelompok. Wujud ieu parasaan di antarana tali mimitran, kanyaah, ambek, jeung sajabana.
 - 3) Parasaan susila, nyaéta parasaan anu patali jeung niléy-niléy étika (hadé jeung goréng). Contona: rasa tanggung jawab, ngarasa salah lamun ngarempak norma, jeung rasa tingtrim waktu ngajalankeun norma.
 - 4) Parasaan kaéndahan (*estetis*), nyaéta parasaan anu rakét patalina jeung kaéndahan tina hiji hal, boh anu sipatna barang atawa karohanian.
 - 5) Parasaan *Ketuhanan*, mangrupa kaleuwihan manusa salaku mahluk Alloh, anu dibéré fitrah (kamampuh atawa rasa), pikeun mikawanoh; saha anu nyipatakeunna. Ku kituna, manusa téh mangrupa mahluk ciptaan Alloh anu dibéré *insting religius (naluri kaagama)*. Ku sabab ayana ieu fitrah, mangka jalma disebut

“*Homo Divinans*“ jeung “*Homo Religius*“ atawa makluk anu berke-Tuhan-an atawa makluk nu boga agama.

Éta émosi-émosi téh biasana diébréhkeun ngaliwatan rupa-rupa ékspresi, nyaéta bisa dina wangun *verbal* jeung *non-verbal*. Sacara *verbal* contona saperti nulis atawa nyaritakeun émosi anu keur dialaman. Ari sacara *non-verbal* mah contona saperti parobahan ékspresi pameunteu, nada sora jeung runtuyan omongan, gerak jeung isarah, parobahan *fisiologis*, jeung paripolah émosional.

2.2.3 Ambek

Ambek, mangrupa hal anu alami jeung wajar aya di diri unggal jalma. Ambek mangrupa réspon anu muncul nalika hiji jalma meunang ancaman, kajadian nu bakal picilakaeun, omongan anu pikanyerieun haté, kateuadilan, kabohongan, jeung sajabana. Bisa disebut, ambek téh muncul ku sabab ayana watesan-watesan émosi dina diri urang geus karempak.

Ambek kaasup kana paripolah réaktif nyaéta paripolah anu muncul nalika hiji jalma narima *stimulus* (rangsangan; bisa mangrupa kajadian, omongan, atawa hal naon waé) anu pikanyerieun atawa ngaganggu parasaan. Kadang, respon anu ditimbulkeunna mangrupa respon négatif, contona nyarékan batur tanpa aya rasasan. Tapi sabenerna mah, ambek mangrupa hal anu teu salawasna mawa pangaruh négatif, tapi ambek ogé bisa ngadatangkeun hal positif.

Ékman (2007: 203), nétélakeun yén aya pangaruh positif anu dihasilkeun tina rasa ambék di antarana nyaéta ambek bisa ngurangan kahariwang dinyenyeri atawa rasa sieun kana hiji hal, ambek ogé bisa nagahasikeun énérgi dina ngahontal tujuan; ngaronjatna rasa ambek bisa nyieun hiji jalma leuwih boga tanaga, pikiranna leuwih museur, sarta bisa boga sumanget pikeun ngahontal tujuan. Tapi, énérgi positif nu dihasilkeun éta kalindih ku kurangna kontrol hiji jalma dina nataharkeun émosina. Ku kituna, ambek anu dikaluarkeun lolobana nimbulkeun sipat ngaruksak (*destruktif*).

2.3 Kedaling Ambek

2.3.1 Wangenan Kedaling Ambek


Kedaling ambek nyaéta ékspresi verbal dina wangun omongan atawa caritaan anu kedal dina wangun lisan, timbul lantaran rasa keuheul, teu pantuju, teu dihargaan, jeung sajabana. Conto:

(35) “Ari nu kasép ti mana waé? Kuring ampir bulukan nungguan di dieu.” Ceuk Encin ka Udan anu geus nungguan ti tadi.

(36) “Naha kagiatan téh kudu diayakeun ti peuting? Kapan beurang ogé bisa, ari urang mah karunya wéh ka barudak.” Ceuk salasihiji pangurus masjid.

Saperti anu geus ditétélakeun di luhur, kedaling ambek téh mangrupa ékspresi tina wangun verbal anu di kedalkeun ngaliwatan omongan atawa caritaan, kedaling ambek téh bisa kapanggih ku urang tina sababaraha hal, diantarana waé nyaéta tina cara ngedalkeun kecap dina kalimah anu salasihiji engangna

dikedalkeun leuwih tarik, panjang-pondokna sora nu di ucapkeun, luhur-handapna sora omongan jeung tina eureunna sora dina basa. Contona:

- (37) Gob 
- (38) Dasar// budak teu boga kaéra.

2.3.2 Pilihan Kecap Kedaling Ambek dina Kalimah

Dina basa Sunda aya anu disebut undak usuk basa atawa tatakrama basa anu mangrupa sopan santun makéna basa waktu komunikasi. Ieu sopan santun téh geus disaluyukeun jeung diajén jadi hiji kahadéan ku warga masarakat pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Palebah dieu, undak usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi hiji sistem ngagunakeun ragam basa (hormat-teu hormat) anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma anu dicaritakeun. Wangun undak-usuk basa Sunda téh dibagi jadi tilu rupa. Ieu di handap ditétélakeun hiji-hiji.

a. Basa lemes

Basa lemes nyaéta ragam basa anu umumna dipaké nyarita ka saluhureun atawa kanu can wawuh. Ékspresi ragam lemes (hormat) téh bisa katitén

wujudna dina wangun lisan, pasémon, rengkuh jeung peta sarta lentong.

Nilik ka nu makéna, basa lemes dibagi jadi dua rupa:

- 1) basa lemes keur ka sorangan nyaéta ragam basa anu digunakeun husus keur diri sorangan atawa sasama waktu nyarita ka saluhureun atawa can wawuh. Contona:

(39) Abdi mah bade *wangsul* wéh, daripada kieu mah.

(40) Pun adi mah *udur* tilu dinten, da teu aya atuh nu sumping

- 2) basa lemes keur ka batur nyaéta ragam basa anu digunakeun husus keur diri batur saluhureun atawa can wawuh. Contona:

(41) Iraha atuh sumpingna Pa Kadés téh, barudak tos ngantosan lami.

(42) Di sayogikeun baé atuh sagala gé kanggo Néng Asmi mah.

b. Basa Loma/wajar

Basa wajar nyaéta ragam basa anu dipaké dina situasi biasa, digunakeun ka babaturan anu geus loma. Conto:

(43) Kuring mah rék *balik* wéh.

c. Basa kasar

Basa kasar nyaéta ragam basa anu dipaké dina situasi ambek, atawa dilarapkeun ka sato. Conto:

(44) Ari teu bérék mah *montong* nyanggupan baréto téh!

Tina tilu wangun undak usuk basa Sunda, kedaling ambek mah ilaharna muncul dina kecap-kecap anu nuduhkeun rasa teu hormat atawa basa kasar.

Contona:

(45) “Sia nuduh ka aing?” Ceuk darman ka Kang Adi.

Padahal, dina kanyataanna mah henteu salawasna kitu. Kecap-kecap anu dipaké pikeun ngedalkeun rasa ambek téh aya ogé anu teu maké basa kasar. Kadang aya kedaling ambek anu dibalibirkeun atawa disumput salindungkeun.

Contona:

(46) Kamana waé atuh Neng, sumping téh meni énjing keneh, dugi ka kuring ngerjakan tugas nyalira.

Ditingali tina kekecapanna mah, ieu kalimah téh mangrupa kalimah anu ngagunakeun basa lemes, padahal kalimah bieu diwangun ku kekecapan anu nuduhkeun yén anu nyarita keur ambek sabab babaturanna datang kabaurangan. Paripolah ngomong kawas kitu téh, patali jeung kabiasaan urang Sunda anu tara céplak pahang mun nyarita, malah sok dibalibirkeun, kadang maké kekecapan anu nyungkun, ngomong dua, atawa ngomong seukeut.

2.4 Bahan Pangajaran Guneman Kalimah Kedaling Ambek

2.4.1 Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunna. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daérah kadua panggedéna di Indonésia sabada basa Jawa.

Di Povinsi Jawa Barat, mata pelajaran basa jeung sastra Sunda téh kaasup kana mata pelajaran *muatan lokal*. Ieu mata pelajaran penting pisan pikeun ngamekarkeun kompetensi daérah anu diluyukeun jeung ciri has sarta poténsi daérahna, kaasup kapunjulan daérah anu matérina teu kaasup kana mata pelajaran anu geus aya. Kalungguhan mata pelajaran basa jeung sastra Sunda dina prosés pendidikan sarua jeung kelompok mata pelajaran inti jeung mekarkeun diri. Ku kituna, mata pelajaran basa jeung sastra Sunda ogé diujikeun di sakola-sakola.

Fungsi pangajaran basa Sunda sorangan, di antarana jadi sarana pikeun ngabina makéna basa Sunda, ngadadasaran jeung ngadeudeul pangajaran basa Indonésia, nyebarkeun basa Sunda, jeung ngabina sarta ngabakukeun ragam basa Sunda. Ari tujuanna, nyaéta pikeun ngajénan jeung nimbulkeun rasa kareueus kana basa jeung sastra Sunda, paham kana basa jeung sastra Sunda (wangun, harti, jeung fungsi), sarta mampu maké basa jeung sastra Sunda kalawan bener tur merenah.

Pangajaran basa jeung sastra Sunda sorangan asalna tina sawangan yén basa Sunda mangrupa alat komunikasi pikeun masarakat pamakéna. Komunikasi basa diwujudkeun ngaliwatan kagiatan maké basa lisan (ngaregepkeun, nyarita) jeung kagiatan maké basa tulisan (maca, nulis). Ku sabab kitu, pangajaran basa Sunda diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kaparigelan maké basa jeung sastra Sunda, kamampuh mikir jeung maké nalar, kamampuh ngajembaran pangaweruh budaya Sunda, ngasah rasa, jeung parigel dina ngajalin tali mimitran jeung jalma séjen.

2.4.2 Bahan Ajar Basa Sunda

Bahan ajar dina kagiatan pangajaran penting pisan. Bahan ajar mangrupa salasihiji jalan pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Sudjana (1982: 36) nétélakeun yén bahan ajar téh nyaéta sajumlahing matéri anu baris ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar-ngajar.

Bahan ajar mangrupa salasihiji aspék anu aya dina kurikulum. Ku kituna, naon anu diajarkeun ka siswa, didadasarkeun kana kurikulum nu dipaké. Kurikulum nu dipaké ayeuna nyaéta *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan* (KTSP). Dina KTSP aya anu disebut *Standar Kompetensi* (SK) jeung *Kompeténsi Dasar* (KD). Dina pangajaran basa jeung sastra Sunda SKKD anu dipaké tangtu SKKD pikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda. Ku kituna, SKKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda mangrupa program pikeun ngamékarkeun pangaweruh, kaparigelan maké basa, jeung sikap positif kana basa jeung sastra Sunda.

Dina KTSP, bahan ajar nu diajarkeun ka siswa patali jeung opat aspék kaparigelan nyaéta aspék ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Jaba ti opat aspék kamahéran basa, bahan ajar lulugu (*matéri poko*) basa Sunda ngurung pangaweruh basa jeung sastra. Pangaweruh basa dibahas sahinasna, bari diadumaniskeun kana bahan kamahéran basa. Kitu ogé jeung pangajaran sastra, diajarkeun sahinasna ka siswa. Malah mah pangajaran basa jeung sastra téh teu bisa dipisahkeun, duanana silihlingkepan.

2.4.3 Silabus

Silabus nyaéta beungkeutan rarancang jeung susunan kagiatan pangajaran, ngolah kelas, jeung meunteun hasil diajar. Silabus mangrupa wujud operasional kompetensi dasar, pedaran *matéri pokok* anu leuwih husus, kagiatan diajar, évaluasi, jeung alokasi waktu. Ari gunana nyaéta pikeun padoman guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngolah pangajaran.

Silabus disusun ku guru di sakola, MGMP, atawa KKG, anu dipakihikeun ku Dinas Pendidikan (Kabupatén/Kota jeung Kacamatan). Tangtuna waé bari diaping ku pangawas.

Dina nyusun silabus aya sababaraha tahap anu kudu dipilampah, nyaéta:

1. *identifikasi* (idéntitas sakola, mata pelajaran, kelas, semester);
2. ngaruntuykeun *standar kompetensi* jeung *kompetensi dasar*;
3. nangtukeun bahan ajar utama katut wincikanna;
4. milih pangalaman diajar (kagiatan fisik-méntal siswa patali jeung bahan);
5. ngawincik Kompetensi Dasar kana cicirén (*indikator*) hontalan hasil diajar;
6. ngawincik *indikator* kana *penilaian* (warna, tagihan, wangun, instrumén, jeung soal);
7. nangtukeun alokasi waktu; jeung
8. milih sumber/bahan/alat.

2.4.4 Évaluasi

Évaluasi diperlukeun pikeun mikanyoho hasil-heuteuna kagiatan diajar siswa. Évaluasi dilaksanakeun pikeun nyumponan rupa-rupa tujuan, di antarana waé pikeun mikanyaho tahap kahontalna kompetensi siswa, ngukur kamajuan jeung kamekaran siswa, nangtukeun kasulitan diajar, mikanyaho hasil pangajaran, mikanyaho kahontalna kurikulum, ngadorong siswa diajar, jeung ngadorong guru sangkan ngajar leuwih alus.

Évaluasi disusun dumasar kana tahapan-tahapan anu ngawengku kagiatan nangtukeun tujuan, nyusun kisi-kisi, milih wangun alat évaluasi, jeung nangtukeun alat ngajén (meunteun).

2.4.5 Rarancang Pangajaran

Dina ngolah atawa makihikeun pangajaran aya tilu hal anu perlu diperhatikeun, nyaéta ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun. Tahap ngararancang mangrupa gambaran léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina tahap ngalaksanakeun jeung meunteun. Tahap rarancang ngawengku cara-cara mekarkeun silabus jeung sistem meunteun.